

Bilten sou Preparasyon Sante Piblik

IVÈ 2023



Bilten sa a disponib nan lang Amarik, Arab, Franse, Kreyòl Ayisyen, Endonezyen, Kmè, Pòtigè, Ris, Chinwa Senplifye, Panyòl, Swahili ak Vyetnamyen nan bit.ly/CRPNnewsletter.

Pou mande kopi enprime gratis, vizite: bit.ly/PHPMaterials oswa kite yon mesaj nan 215-429-3016.



Gen ReadyPhiladelphia epi w'ap Premye Moun ki Konnen

Biwo Jesyon Ijans la pataje enfòmasyon sou move tan atravè imèl gratis ak tèks alèt gras a itilizasyon sistèm notifikasyon an mas City a, ReadyPhiladelphia.

Pou tèks alèt gratis, tanpri voye tèks READYPHILA nan 888-777 oswa enskri nan bit.ly/ReadyPhilaAlert.

Biwo Sèvis pou Sanzabri a ap voye yon ekip sansibilizasyon pou sanzabri a nenpòt moun nan lari ki bezwen transpò pou yon abri lokal oswa ki bezwen lòt sèvis pou sanzabri.

[Liy Dirèk Sansibilizasyon pou Sanzabri](https://bit.ly/ReadyPhilaAlert)

215-232-1984

Anrejistre nimewo sa nan telefòn ou pou mande sèvis nenpòt lè, 365 nan lane a, 24èd tan pa jou.

Prepare for Move Tan

Ijans klima a ka lakòz:

- **plis lapli.** Tanpèt ki pi gwo e ki pwodwi pi souvan ka lakòz rivyè, lak ak lòt sous dlo debòde pi souvan.
- **van tanpèt.** Tanpèt bò lanmè yo vin pi fò, pi souvan e yo ka lakòz dlo yo monte piwo nivo nòmal yo.
- **ogmantasyon nivo lanmè.** Kèk zòn nan Filadèlfi anba risk ogmantasyon nivo lamè ak inondasyon.



Li pou jwenn enfòmasyon sou kijan pou ou prepare tèt ou, moun ki pwòch ou yo ak kay ou pou tan ki pi move.

Kit ijans

Kat Enfòmasyon
Sante

Sante mantal

Èd Sèvis Piblik

Grip Sezon ak
COVID-19

ak plis

Prepare Tèt ou ak Moun Pwòch ou Yo

Kit Pwovizyon pou Ijans

Prepare ase pwovizyon ki dire omwens twa jou pou ou menm ak moun k'ap viv ak ou yo.

Asire ou ke kit ou a gen bagay sila yo:

- medikaman
- manje ak dlo
- pwovizyon pou tibebe ak timoun
- pwovizyon pou bèt
- telefòn selilè ak chajè
- flach ak siflèt
- lajan cach
- kopi dokiman enpòtan
- kit premye-swen
- radyo ki fonksyone ak pil ansanm ak pil adisyonèl

Pa bliye bèt ou yo ak sèvis bèt yo!

Li pa an sekirie pou kite bèt yo pou kont yo pandan lontan. Si ou bezwen kite kay ou pandan yon ijans, chache yon kote ki gen sekirite pou mete yo.

Mete bèt yo anndan. Si ou wè bèt deyò a pandan move tan oswa si yo abandone rele Ekip Swen ak Kontwòl Bèt, 24 èdtan nan jounen an nan **267-385-3800**.



Èske ou pran medikaman?

Toujou gen medikaman pou omwens yon semèn.

Fè yo renouvle preskripsyon ou yo anvan medikaman yo fini pou ou ka prepare.

Ekri non tout medikaman ou yo. Ekri dòz la, kilè ak poukisa ou pran li, epi enfòmasyon kontak doktè ou yo.

Kat Enfòmasyon Sante

Yon Kat Enfòmasyon Sante gen ladan tout istorik medikal enpòtan ou, enfòmasyon biwo doktè ou yo, medikaman ak ekipman. L'ap ede sekouris ijans medikal yo konnen kijan pou yo ede ou nan yon ijans.

Telechaje epi ranpli youn jodi a: <https://bit.ly/PHPGuidance>

Name (legal name if different)	Allergies (food, medicine, other)	Emergency Contact 1	Health Information Card  Keep this card with you in your wallet, purse, or other safe place. Department of Public Health CITY OF PHILADELPHIA	YOUR MEDICINE RECORD Write all of the prescription drugs, over the counter drugs, vitamins, and herbal supplements that you take. Keep this list up to date (use a pencil or cross out changes to your medications).	Medicine Name of medication, purpose and strength	Dose How many pills, puffs, units, drops per dose	Frequency How many times a day
Birthdate	Medical Conditions	Name:		Fill out with the help of your doctor, pharmacist or other healthcare provider. Take medicine as prescribed, and prepare to bring medicine with you in case of an emergency.			
Phone	Additional medical/communication needs	Phone:		Equipment, Supplies or Other Supports refrigerated medications, oxygen, or nebulizer, etc.			
Email		Emergency Contact 2					
Address		Name:					
Gender (pronouns)		Phone:					
Preferred Language		Important Numbers (doctor, pharmacy, etc.)					
Blood Type							

Prepare Kay Ou

Dlo ki twò cho oswa twò frèt ka afekte sante ou si ou pa gen bon jan klimatizasyon ak chofaj lakay ou.

Asistans à sèvis piblik ak lòt pwogram ede ou jere fakti ou yo, kouvri nesesite ou yo, epi redwi risk pwoblèm sante ak sekirite pandan evènman move tan estrèm.

Fon Sèvis Dijans Sèvis Piblik yo (UESF)

Pwogram asistans ki baze sou revni estabilize kay pou fanmi ki fè fas a kriz lojman.

Jesyon Dosye - Asistans Finansyè - Atelye Edikasyon ak plis.

Sant Aksè Avantaj UESF

Aprann epi enskri nan avantaj eta ak federal yo.

215.814.6845 – BAC@uesfacts.org – www.uesfacts.org

BenePhilly

Sipò ki pa baze sou revni, gratis, youn-a-youn to ede aplike pou avantaj piblik.

Medikaman sou preskripsyon - Asirans Sante - Episri - Asistans pou Gadri.

Chalè ak lòt Sèvis Piblik - Taks sou Pwopriyete - Avantaj

Andikap.

1.844.848.4376 – www.phila.gov/programs/benephilly/

Pwogram Sèvis Inivèsèl PECO

Aprann sou tout pwogram èd PECO yo.

1.800.774.7040 – bit.ly/PECOPrograms

Sosyete Filadèlfi pou Moun Aje (PCA)

Èd pou moun aje ak responsab swen.

Liy pou èd: 215.765.9040 – www.pcacares.org/contact-us/

Sant Enèji Katye yo

Aprann sou konsève enèji epi aplike pou èd pèman fakti.

Chalè ak lòt Sèvis Piblik - Taks sou Pwopriyete - Avantaj Andikap ak plis.

Jwenn yon sant enèji tou pre ou: bit.ly/NeighborhoodEnergyCenters





Kwen Resous Sante Mantal

Ou bezwen èd ak yon kriz sante mantal? Rele 215-685-6440.

Sèvis Sante Mantal ak Adiksyon: 888-545-2600.

Ouvè 24/7, Entèpretasyon disponib

Gratis, depistaj an liy ak resous gratis nan [HealthyMindsPhilly.org](https://www.healthy minds Philly.org)




COVID-19 ak Grip Sezon

Vaksen grip sezon an mete ajou chak ane pou pwoteje kont kategori grip ki pi frekan yo.

Vaksen ranfòsman COVID-19 la te devlope pou bay pwoteksyon adisyonèl kont varyan Omicron an pandan ivè sa a.

Moun an sante nenpòt laj ka tonbe malad grav, ale sou kabann lopital e menm mouri akòz konplikasyon COVID-19 oswa viris grip yo.

Pou mete iminite ou ajou, li enpòtan pou ou pran vaksen grip anyèl ou ak ranfòsman COVID-19 pou asire ou ke sistèm iminitè ou an bon fòm pou pwoteje ou kont maladi pandan ivè sa.



Li an sekirite pou ou pran tou de vaksen yo an menm tan.

bit.ly/FluPHL

bit.ly/COVIDvaxPHL

Pou plis enfòmasyon oswa si ou gen nenpòt kesyon, rele Sant Apèl PDPH nan 215-685-5488.

Pou entèpretasyon, peze 3 pou lang ou, peze 2 pou Panyòl epi make 711 pou asistans TRS/TTY.

Li enpòtan pou ou gen yon founisè premye swen ou fè konfyans pou ede ou rete an sante pandan sezon ivè a, espesyalman si ou gen kondisyon kwonik.

Itilize **Chechè Premye Swen** nan www.phila.gov/primary-care pou jwenn swen medikal gratis oswa a bon pri.

Chechè pa lang, lokasyon, espesyalite ak plis.

Ann rete konekte!

Vizite paj Entènèt nou nan bit.ly/PDPHPreparednessOutreach.



Pou kopi enprime bilten sa a, kesyon, oswa pwoblèm ak tradiksyon an, voye yon imèl ba nou nan PublicHealthPreparedness@phila.gov oswa kite yon mesaj nan 215-429-3016.

Nou ta renmen tande ou!

Enskri pou **Community Response Partner Network (CRPN)** nan

bit.ly/phlcommunityresponse.

Pou jwenn enfòmasyon esansyèl sou sante piblik pou pase bay fanmi, zanmi, ak vwazen.